

KOMONNWEÛT MASSACHUSETTS
DEPATMAN TRANSPÒ MASSACHUSETTS - DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)
ANONS ODISYON PIBLIK VITYÈL POU CHWAZI MODÈL

**Stoughton – Amelyorasyon Entèseksyon Canton St. (Wout 27), School St, Summer St, ak Cushing St.
Nimewo Dosye Pwojè 611981**

Yo pral ògànize an Dirèk yon Odisyon Piblik Vityèl sou sit entènèt MassDOT ki nonmen pi ba la a, pou prezante modèl pou pwojè Stoughton, MA.

KILÈ: Madi 3 jen 2025, 6:30 PM

OBJEKTIF: Rezon pou odision sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann pwojè yo pwpoze a. Tout kòmantè ak opinyon moun bay an rapò avèk odision sa a pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

PWOPOZISYON: Pwojè yo pwpoze a, se pou rebati entèseksyon Canton Street (Wout 27), School Street ak Summer Street la, ak entèseksyon School Street ak Cushing Street la. Nan pami travay yo pwpoze yo, ap genyen amelyorasyon pou pyeton, tankou enstalasyon nouvo kannivo ak nouvo twotwa, ranp ki konfòm avèk ADA, pasaj pyeton, ranplasman twotwa ki la kounye a, ak amelyorasyon pou bisiklèt tankou trase pasaj pou pataje sikilasyon. Nan amelyorasyon pou trafik yo, pral genyen enstalasyon nouvo siyal nan entèseksyon Canton Street (Wout 27) ak School Street ak Summer Street, epi nan entèseksyon School Street ak Cushing Street.

Yon dwa pasaj sekirize nesèsè pou pwojè sa a. Sa kapab mande peman, ak dwa aksè pèmanan oubyen tanporè. Vil la gen responsablite pou li pran aksyon k ap pèmèt jwenn dwa pou sèvi avèk teren prive ak piblik. Yo pral pale sou règleman MassDOT sou jwenn dwa pou achte teren, pandan reyinyon sa a.

Si yon moun vle voye kesyon sou pwojè a, oswa deklarasyon ekri ak lòt pyès jistifikatif ki anrapò avèk aktivite pwojè a, li mèt voye yo bay Carrie E. Lavallee, P.E., Enjennye an Chèf nan adrès elektwonik MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us oswa nan adrès postal Suite 7550, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention : Project Management, Project File No. **611981**. Dokiman ak pyès jistifikatif moun vle fè parèt nan transkripsyon odision piblik la dwe gen dat ki montre yo poste omen dis (10) jou ouvrab (14 jou fran) apre odision an.

Pou odision sa a, ap gen aranjman pou pèmèt moun ki andikape patisipe. MassDOT kapab fè aranjman rezonnab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèprèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib, videyo, aparèy pou moun ki pa tande byen, oswa dokiman nan fòm altènatif) toutotan sa posib. Pou fè aranjman oubyen pou mande asistans nan lang, ou mèt kontakte Responsab an chèf MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nan TTD/TTY (pou moun ki pa tande byen) nan nimewo (857) 266-0603, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oswa nan adrès elektwonik (MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Demann sa yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou odision an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis jou ouvrab davans, anvan jou odision an.

Odisyon sa a pral ògànize, oubyen ànons ànilasyon li pral afiche sou entènèt nan adrès <https://www.mass.gov/orgs/highway-division/events>.

JONATHAN GULLIVER
ADMINISTRATÈ POU GRANWOUT

CARRIE E. LAVALLEE, P.E.
ENJENNYÈ AN CHÈF